

# Kansè nan Bouch

SWEN DAN GRANMOUN AJE



Kansè nan bouch afekte bouch la (tankou lèv yo, lang lan, anlè ak palè bouch la) ak jou yo. Kansè a kòmanse lè selil yo, eleman debaz kò a, vin domaje epi yo grandi yon fason ki pa nòmal. Chak ane, doktè dekouvri apeprè 800 Nouyòkè ki gen kansè nan bouch ak kansè nan gòj, epi 190 ladan yo mouri. Doktè te dekouvri anreta swasant-dis pousan timè nan bouch ak timè nan gòj ki nan yon etap yo konnen.

## Kimoun ki arisk?

Nenpòt moun kapab gen kansè nan bouch, men kèk moun pi arisk pou gen maladi a.

## Granmoun aje (ki gen laj 60 ane ak plis)

- Risk pou gen kansè nan bouch ogmante pandan yon moun ap aje.

## Gason yo

- Kansè nan bouch rive de fwa sou gason yo tankou sou fanm yo.

## Itilizasyon Tabak ak Alkòl

- **Se itilizasyon tabak ki lakòz pifò ka kansè nan bouch.** Moun ki konn fimen sigarèt, siga, ak pip, oswa k ap itilize tabak san lafimen, tankou lè yo kraze tabak nan bouch yo, se moun pi arisk pou gen kansè nan bouch.
- Moun ki bwè oswa ki konn bwè gwo kantite alkòl pi arisk pou gen kansè nan bouch.
- Si yon moun bwè anpil alkòl **epi** si li itilize tabak, risk li sitou wo.

## Limyè solèy

- Si ou pase anpil tan deyò epi nan solèy la pandan anpil ane sa kapab lakòz ou gen kansè nan lèv ou.

Patch blan nan bouch se yon premye siy kansè nan bouch.



# Kansè nan Bouch

*Swen Dan Granmoun Aje*

## Avèk kisa kansè nan bouch sanble?

Kansè nan bouch kapab parèt diferan selon moun nan ak kote kansè a ye nan bouch la.

Menmsi se pa kansè ki lakòz pifò chanjman nan bouch la oswa nan lèw yo, ale nan klinik dantis ou pou ou fè yon depistaj kansè nan bouch si ou remake nenpòt nan sa ki endike anba la yo:

- Plak blan ki kapab retire avèk yon lavèt
- Patch ki gen koulè wouj fonsè ki pa a kapab geri apre de (2) semèn
- Yon blesi ki pa geri apre de (2) semèn
- Difikilte pou vale oswa doulè lè w ap vale
- Difikilte pou mete fodan yo
- Ti boul nan kou a
- Zòrèy fèmèl ki pa ale
- Ou pa santi anyen nan lèw anba ak nan manton ou
- Tous oswa vwa anwe ki pa sispann

## Fason pou redui risk ou:

- 1. Sispann fimen.** Pi bon fason pou diminye chans pou gen kansè nan bouch se sispann fimen oswa sispann itilize nenpòt pwodui abaz tabak san lafimen. Gen anpil tretman ki disponib pou ede ou. Mande dantis ou, doktè ou oswa responsab dosye ou plis enfòmasyon sou fason pou kite fimen, oswa rele New York State Smokers' Quitline (Konpoze nimewo 1-866-NY-QUITS oswa 1-866-697-8487).
- 2. Itilize filt solèy.** Si ou itilize yon losyon oswa lwil pou pase sou lèw ou sa kapab redui chans pou gen kansè nan lèw. Si ou mete yon chapo ki gen arebò sa kapab pwoteje lèw ou tou kont solèy la.
- 3. Ale nan klinik dantis ou souvan (omwen yon fwa chak ane), menmsi ou pa gen dan natirèl.** Pandan randevou ou, dantis la ap tcheke bouch ou pou detekte siy kansè nan bouch. Si ou remake chanjman ou pa abitye wè nan lèw ou oswa nan bouch ou ant vizit yo, wè dantis ou oswa doktè ou san pèdi tan.

**Kontakte dantis ou oswa pwofesyonèl swen dan ou touswit si ou gen doulè oswa si ou bezwen swen dan.**

